

## **BAB III**

### **METODE PANALUNGTIKAN**

#### **3.1. Metode jeung Tehnik Panalungtikan**

##### **3.1.1. Méthode Panalungtikan**

Méthode nya éta cara-cara, stratégi ngamaham réalitas, léngkah-léngkah sistematis pikeun ngaréngsékeun hiji masalah (Ratna, 2004:34). Dina ieu panalungtikan méthode nu baris digunakeun nya éta méthode déskriptif analisis. Ari méthode déskriptif digunakeun pikeun:

- 1) Ngumpulkeun informasi faktual kalawan rinci jeung ngagambarkeun gejala-gejala nu aya;
- 2) Ngaidéntifikasi masalah-masalah nu aya ayeuna;
- 3) Nangtukeun sagala rupa nu bisa dicokot atawa kumaha implikasina tina pangalaman pikeun ngararancang kaputusan di manasa nu bakal datang.

##### **3.1.2. Téhnik Panalungtikan**

Téhnik nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta studi dokuméntasi jeung analisis data.

- 1) Studi dokuméntasi nya éta téhnik nu digunakeun dina néangan sarta nagtukeun dasar-dasar téoritis nu aya hubunganana jeung bahan panalungtikan.
- 2) Analisis data nya éta téhnik ngolah data hasil tina prosés panalungtikan.

### 3.2 Instrumén Panalungtikan

Sistim nu baris digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta sistim tabulasi atawa sistim tabel tujuanana nya éta pikeun nganalisis ajén-ajén moral anu aya dina *Wawancara Lalampahan Dén Atikah*.

Alesan pangana digunakeun sistem tabel nya éta sangkan gampang dina nganalisis data, sarta gampang nyieun kacindekan. Ieu di handap tabel-tabel nu bakal dipaké dina maluruh ajén moral:

TABEL 3.1  
AJÉN MORAL NU SIFATNA H/V  
MIBANDA INDIKATOR +/- ANU NYAMPAK SACARA É/I  
DINA UNSUR-UNSUR INTRINSIK

| No | Kaca-pada | Unsur Intrinsik | +/- | É/I | H/V | Ajen Moral |
|----|-----------|-----------------|-----|-----|-----|------------|
| 1  | 2         | 3               | 4   | 5   | 6   | 7          |
|    |           |                 |     |     |     |            |
| Σ  |           |                 |     |     |     |            |

Keterangan gambar:

- + = Indikator Positif
- = Indikator Négatif
- H = Indikator Horisontal
- V = Indikator Vértikal
- É = Indikator Eksplisit
- I = Indikator Implisit

Pikeun nagtukeun jumlah perséntase tina indikator nu aya dina unsur intrinsik nu katitén dina tabel bisa kapaluruh ku ngagunakeun rumus:

$$\% = \frac{\text{Jumlah indikator}}{\text{Jumlah Nomer}} \times 100$$

TABEL 3.2  
PATALINA KARAKTERISTIK PUPUH JEUNG AJÉN MORAL  
DINA *WAWACAN LALAMPAHAN DÉN ATIKAH*

| No       | Kaca-<br>pada | Pupuh | Karakteristik<br>Pupuh | Ciri Ajén Moral Dina<br>Unsur Intrinsik | Patalina |    |
|----------|---------------|-------|------------------------|---|----------|----|
|          |               |       |                        |   | L        | TL |
|          |               |       |                        |   |          |    |
| $\Sigma$ |               |       |                        |   |          |    |

Katerangan: L = Luyu

TL = Teu Luyu

Pikeun nagtukeun jumlah perséntase tina indikator nu aya dina unsur intrinsik nu katitén dina tabel bisa kapaluruh ku ngagunakeun rumus:

$$\% = \frac{\text{Jumlah indikator}}{\text{Jumlah Nomer}} \times 100$$

TABEL 3.3  
FREKUENSI JEUNG PERSÉNTASE AJEN MORAL DINA  
*WAWACAN LALAMPAHAN DÉN ATIKAH*

| No       | Ajén Moral dina Unsur Intrinsik | F | % |
|----------|---------------------------------|---|---|
| 1        | 2                               | 3 | 4 |
|          |                                 |   |   |
| $\Sigma$ |                                 |   |   |

Keterangan : F = Frekuensi

% = Persentase

Pikeun nagtukeun jumlah persentase tina frekuensi ajén moral dina *Wawacan Lalampahan Dén Atikah* anu katitén dina tabel di luhur, bisa kapaluruh kalawan ngagunakeun rumus:

$$\% = \frac{\text{Jumlah Frekuensi}}{\text{Jumlah Pada}} \times 100$$

### 3.3 Léngkah-lengkah Ngagarap Skripsi

#### 3.3.1. Tatahar

- 1) Nangtukeun judul jeung objék panalungtikan;
- 2) Ngumpulkeun téori-téori nu aya hubunganana jeung objék panalungtikan;
- 3) Ngasongkeun usulan panalungtikan; jeung
- 4) Konsultasi jeung dosén pembimbing

#### 3.3.2. Ngumpulkeun Data

- 1) Ngaanalisis struktur dina *Wawacan Lalampahan Dén Atikah*;
- 2) Ngaanalisis ajén moral dina *Wawacan Lalampahan Dén Atikah*;
- 3) Ngaanalisis wangun ajén moral dina *Wawacan lalampahan Dén Atikah*;
- 4) Konsultasi jeung pembimbing.

#### **3.3.4. Ngolah Data**

- 1) Ngadéskripsikeun *Wawacan Lalampahan Dén Atikah*;
- 2) Ngadéskripsikeun ajén moral dina *Wawacan Lalampahan Dén Atikah*;
- 3) Ngadéskripsikeun Wangun ajén moral dina *Wawacan lalampahan Dén Atikah*;
- 4) Konsultasi jeung dosén pembimbing;

#### **3.3.4. Nyusun laporan**

Hasil tina panalungtikan ngeunaan struktur Wawacan nu aya hubunganana jeung ajén moral téh disusun dina wangun skripsi